



## Pwogram Peyaj nan Distri Santral Biznis la

### *Diminye Pri Trafik, Amelyore Kalite Lè a, epi Envesti nan Transpò Piblik*

**Pwogram Peyaj Distri Santral Biznis yo (CBDTP)**, oswa Pri Blokis an, pral diminye trafik la epi finanse amelyorasyon kritik nan sistèm transpò piblik New York la lè yo faktire veyikil ki antre nan distri biznis santral (CBD) Manhattan nan. Pwogram pri Blokis an menm jan an nan Vil Lond, Stockholm, Singapore, ak Milan te pwouve ke mete yon pri pou kondi nan distri anba lavil yo diminye Blokis trafik la epi amelyore kalite lè a. Envesti nan transpò piblik la ap amelyore opsyon trajè pou plizyè milyon moun.

Aprè gwo analiz epi kòmantè piblik la, gouvènman federal la an 2023 te rive wè Pri Blokis yo pa t ap gen okenn enpak enpòtan sou anviwònman moun oswa natirèl la, kidonk bay apwobasyon pou MTA, Depatman Transpò Eta New York la ak Depatman Transpò Vil Nouyòk la kapab kontinye. Enstalasyon ekipman ak enfrastrikti sistèm peyaj la ap fèt kounye a. Pwogram nan ap kòmanse nan Prentan 2024 la.



### **Ki kote Bisznis Distri Santral la ye?**

CBD a gen ladan l tout wout ki nan sid ak 60th Street, eksepte pou: FDR Drive, ak West Side Highway/Wout 9A, ki gen ladann pasaj enferyè Battery Park ak pòsyon wout sifas Tinèl Hugh L. Carey ki konekte ak West Street la.

### **Poukisa nou bezwen Pri Blokis?**

- Lwa sou Refòm Trafik avèk Mobilite Woutyè MTA 2019 la, yon lwa Eta New York, te kreye pwogram nan pou adrese pwoblèm Blokis ki la lontan nan sant komèsyal Manhattan nan.
- Anbouteyaj te bouche lari Manhattan nan pandan plizyè ane epi li te sèlman vin pi mal avèk letan, avèk plis pase 700,000 machin k ap antre nan CBD a chak jou lasemèn. Yo te rive wè Nouyòk se vil ki pi konjesyone nan tout peyi Etazini an nan lane 2021
- Pandan ke trafik la te desann a sèlman 10% nan nivo nòmal nan lane 2020 akòz pandemi an, depi lè sa li te remonte avèk volim trafik anyèl ki pi wo depi 87 lane ki te anrejistre sou pon ak tinèl MTA yo an 2023.
- Pwogram nan te gen sipò de dènye gouvènè Nouyòk yo avèk twa dènye majistra vil la. Li sipòte tou pa responsab biznis ak lidè sivik yo

**Trafik la te remonte nan nivo anvan pandemi an**

**Plis pase 700,000 machin antre nan CBD a nan yon jou nòmal lasemèn**

### **Pwofi ki Espere**

- Diminye Blokis trafik
- Amelyorasyon Kalite Lè a
- Yon sous finansman ki serye pou amelyore epi modènize tren MTA yo, otobis ak wout ray tren yo.
- Aksè elaji pou rezidan ak vizitè ki gen fèb revni yo atravè opsyon trajè amelyore

## Istorik

An 2019, Lejislati Eta a te adopte, epi Gouvènè a te siyen Lwa sou Refòm Trafik avèk Mobilite Woutyè MTA a (Lwa). Lwa a te òdone ak Otorite Pon avèk Tinèl Triborough MTA yo (k ap fè biznis nan non Pon ak Tinèl MTA yo) pou konsevwa, devlope, konstwi epi jere CBDTP a.

MTA Bridges & Tunnels, Depatman Transpò nan Eta Nouyòk (NYSDOT), ak Depatman Transpò Vil Nouyòk (NYC DOT) te travay ansanm antanke Sipòtè Pwojè pou yo fè yon Evalyasyon Anviwònmantral ki te obligatwa nan kad pwosesis revizyon anviwònmantral gouvènman federal la pou desizyon federal yo. Yo te solisite anpil kòmantè piblik, avèk 19 premye seyans sansibilizasyon, sis odyans piblik, avèk plis pase 22,000 kòmantè endividyèl ak plis pase 55,000 fòmilè lèt yo te resevwa pandan peryòd kòmantè piblik ofisyèl la sèlman. An 2023, Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration, FHWA) a te pibliye yon Konsta Absans Siyifikatif (FONSI), ki endike ke pwojè a p ap gen okenn gwo enpak sou anviwònman moun ak natirèl sa ki te pèmèt ajans yo kontinye.

Komisyon Konsèy Revizyon Mobilite Woutyè a, lalwa te chwazi pou mete yon rekòmandasyon sou montan egzak peyaj la ta dwe ye, te fè twa reyinyon piblik an 2023 epi li te pibliye rapò li bay Konsèy MTA an nan mwa Novanm nan. Yon peryòd kòmantè piblik sou pwojè barèm tarif peyaj la ap fèt, epi kat odyans piblik pral fèt nan fen fevriye ak kòmansman mwa mas 2024 la.

## Ki montan peyaj yo pwopoze?

- Machin touris yo ak machin pasaje avèk plak machin komèsyal yo ta dwe peye yon peyaj \$15 pou yo antre nan CBD a nan lè lè gen anpil aktivite sou wout la, epi \$3.75 nan lannwit. Y ap faktire machin sa yo yon sèl fwa pa jou
- Kamyon ak otobis yo ta dwe peye yon peyaj \$24 oswa \$36 pou yo antre nan CBD a nan lè pwent yo, selon gwosè ak objektif yo. Peyaj lannwit lan ta dwe \$6 ak \$8
- Motosiklèt yo ta dwe peye mwaye peyaj machin pasaje yo, pa plis pase yon fwa pa jou
- Pasaje yo ap peye yon peyaj \$1.25 pou chak trajè pou taksi, taksi vèt, avèk machin lokasyon yo, epi \$2.50 pou chak trajèt ki fèt pa sèvis lokasyon gwo volim yo
- Tarif peyaj lè gen anpil aktivite sou wout la yo ap aplike soti 5 a.m. rive 9 p.m. nan jou lasemèn, epi soti 9 a.m. rive 9 p.m. lè wikenn. Montan peyaj la ap 75% an mwens nan lannwit.
- Y ap bay kredi pou travèse nan lè lè gen anpil aktivite sou wout la ak tarif peyaj CBD an pou machin k ap antre nan kat tinèl peyaj yo ki mennen dirèkteman nan CBD an.
- Machin ijans ki otorize ki kalifye yo, machin ki kalifye k ap transpòte yon moun andikape, machin gouvènman espesyalize yo, ak otobis transpò piblik yo ak otobis banlye yo ap egzante de peyaj CBD an.
- Pwopriyetè machin ki gen fèb revni ki kalifye epi ki enskri nan MTA ap resevwa yon rabè 50% sou peyaj oto ki pi wo a kòmans ak 11yèm trajè yo fè nan yon mwa kalandriye.

Pou plis detay, tanpri vizite [mta.info/document/129191](https://mta.info/document/129191)

## Kijan moun yo ap peye epi kijan lajan an pral itilize?

- Kliyan yo kapab peye lè yo sèvi avèk E-ZPass oswa atravè Peyaj pa lapòs, kote yo pran yon imaj plak machin yo epi yo voye yon fakti pa lapòs bay mèt machin ki anrejistre a.
- Pou jwenn tarif peyaj ki pi ba a, kliyan yo dwe itilize E-ZPass
- Apre yo fin peye pou depans pwogram nan, 80% lajan an pral sèvi pou amelyore epi modènize Transpò Vil Nouyòk la, k ap jere metwo ak otobis yo; 10% pou Wout Ray Long Island lan; epi 10% pou Wout Ray Metro-North la

## Pou jwenn plis enfòmasyon sou tarif Blokis yo, tanpri vizite: [congestionreliefzone.mta.info](https://congestionreliefzone.mta.info)

Ou kapab voye kòmantè w yo tou:

- Pa lapòs: Pwogram Peyaj CBD – 2 Broadway, 23rd Floor New York, NY 10004
- Pa imel: [CBDTF.feedback@mtabt.org](mailto:CBDTF.feedback@mtabt.org)
- Pa telefòn: 646-252-7440
- Pa faks: 212-504-3148 [Atansyon: Ekip CBDTP]